

SÈTIKIKA PWOTEKSYON PLAN MEDIKAL AN GWOUP

1. Dat sètifika sa:
 2. Non Patisipan an:
 3. Non plan gwooup swen sante:
 4. Nimewo idantifikasiyon patisipan:
 5. Non tout depandan pou ki sètifika sa aplike:
-

6. Non, adrès, ak nimewo telefòn konpayi ki responsab pou founi sètifika sa:
-
-
-
-

7. Pou plis enfòmasyon, rele: _____
8. Si moun ki idantifye (yo) sou liy 2 ak liy 5 gen omwen 18 mwa kredi pwoteksyon (pa konte peryòd pwoteksyon yo avan yon repo 63 jou), tcheke la _____ epi sote liy 9 ak 10.
9. Dat peryòd datant oswa peryòd afilyasyon (si genyen) te kòmanse: _____
10. Dat asirans kòmanse: _____
11. Dat asirans tèmine: _____

(oswa tcheke si pwoteksyon ap kontinye sou dat sètifika sa a _____).

REMAK: Yo pral founi chak sètifika separe si enfòmasyon yo pa idantik pou patisipan an chak depandan ki asire.

Deklarasyon Dwa Transparans Asirans Medikal HIPAA

ENPÒTAN - KENBE SÈTIKIKA SA A. Yo founi w sètifika sa an konfòmite avèk egzijans Transparans Asirans Medikal, ak Akontablite [HIPAA] 1996 Federal la. Li founi evidans pwoteksyon sante ou te genyen deja nan Pwogram Benefis Sante Eta New Jersey an. Ou ka bezwen pou remèt sètifika sa pou nouvo konpayi asirans ou an si ou kalifye nan you plan gwooup asirans ki gen eksklizyon pou sèten kondisyon medikal ou deja genyen avan ou anwole. Yo ka bezwen wè sètifika sa ou gen rekòmandasyon pou konsèy medikal, dyagnostik, swen, oswa tretman, oswa ou resevwa pou yon kondisyon nan lespas de 6 mwa avan peryòd ou anwole nan nouvo plan an. Si ou vin jwenn pwoteksyon nan yon lòt gwooup plan asirans sante, tcheke avèk administratè plan an pou konnen si ou bezwen founi sètifika sa. Ou ka bezwen sètifika sa tou pou achte, pou ou menm oswa fanmi w, yon polisi asirans ki pa gen eksklizyon pou kondisyon medikal ki prezan avan ou anwole.

Eksklizyon Kondisyon Pre-egziste — Gen gwooup plan sante ki genyen restriksyon sou pwoteksyon pou kondisyon medikal ki prezan avan endividé an anwole. Yo konnen restriksyon sa yo tankou "eksklizyon kondisyon pre-egziste." Yon eksklizyon kondisyon pre-egziste ka aplike sèlman pou kondisyon konsèy medikal, dyagnostik, swen, oswa tretman, oswa ou resevwa pou yon kondisyon nan lespas de 6 mwa avan dat ou anwole an." Dat anwolman an se premye jou ou genyen pwoteksyon nan plan sa, oswa — si gen yon peryòd datant — premye jou peryòd datant ou an (tipikman, premye jou ou komanse nan travay la). An adisyon, yon eksklizyon kondisyon pre-egziste pa kapab depase 12 mwa apre dat ou te anwole an (18 mwa si ou te anwole an reta). Finalman, yon eksklizyon kondisyon pre-egziste pa kapab aplike pou gwochè epi pa kapab aplike pou yon timoun ki anwole nan asirans sante nan lespas 30 jou apre nesans, oswa plasman pou adopsyon.

(kontinye pa dèyè)

Deklarasyon Dwa Transparans Asirans Medikal HIPAA (kontinye)

Si yon plan enpoze yon eksklizyon kondisyon pre-egziste, longè tan eksklizyon dwe pou redui pa montan kredi pwoteksyon ou deja genyen. Preske tout asirans sante gen pwoteksyon kredi, ki enkli: gwoup pwoteksyon medikal, COBRA avantaj pwoteksyon kontinye, pwoteksyon sa yon polisi avantaj endividiyèl, Medikè, Medikèd, Pwogram Avantaj Leta Pou Sante Timoun (*State Children's Health Insurance Program*) (SCHIP), ak avantaj atravè gwo-risk òganizasyon ak Peace Corps. Pa tout fòm pwoteksyon kredi egzije pou founi yo sètifica tankou sètifica sa. Si ou pa resevwa yon sètifica pou pwoteksyon ou te genyen deja, pale avèk administratè nouvo plan w la.

Ou ka adisyone tout pwoteksyon kredi ou genyen, ki enkli pwoteksyon ki sou sètifica sa a. Men tou, si nan nenpòt moman ou pase 63 jou ou plis san okenn pwoteksyon (ki rele yon repo nan pwoteksyon) yon plan ka pa konte pwoteksyon ou te genyen avan repo la.

- Kidonk, lemoman pwoteksyon w fini, ou dwe jwenn yon avantaj medikal altènatif le pli vit ke posib pou evite 63-jou repo la. Ou ka itilize sètifica sa pou evidans pwoteksyon kredi pou redui longè tan pou yon eksklizyon kondisyon pre-egziste si ou anwole nan yon lòt plan.

Dwa pou Jwenn Anwolman Espesyal nan Yon Lòt Plan — Daprè HIPAA, si ou pèdi avantaj gwoup pwoteksyon plan w la, ou ka kalifye pou jwenn yon lòt gwoup plan avantaj (tankou plan konjwen w la), menm si plan sa jeneralman pa aksepte anwolman anreta, si ou mande pou anwole nan lespas de 30 jou. (Dwa adisyonèl pou anwolman rive ak maryaj, nesans, adopsyon, ak plasman pou adopsyon)

- Kidonk, lemoman pwoteksyon w la fini, si ou kalifye pou pwoteksyon nan yon lòt plan (tankou plan konjwen w la), ou dwe mande pou anwolman espesyal le pli vit ke posib.

Entèdiksyon Kont Diskriminasyon Baze sou Rezon Sante — Daprè HIPAA, yon gwoup plan pwoteksyon pa kapab anpeche w (oswa depandan) pou antre nan plan an baze sou nenpòt rezon sante w. Epitou, yon gwoup plan pwoteksyon pa kapab fè w peye (oswa depandan yo) plis pou pwoteksyon, baze sou sante, pase montan yo chaje nan yon sityasyon similè.

Dwa pou Avantaj Pwoteksyon Endividiyèl — Daprè HIPAA, si ou se yon “moun ki kalifye,” ou gen dwa pou achte sèten polisi avantaj endividiyèl (oswa nan kèk eta, pou achte pwoteksyon atravè òganizasyon gwo-risk) san yon eksklizyon kondisyon pre-egziste. Pou yon endividé ki kalifye, ou dwe swiv egzijans annapre yo:

- Ou te gen pwoteksyon pou omwen 18 mwa san yon repo nan pwoteksyon nan 63 jou ou plis;
- Pwoteksyon w ki pli resan te nan yon gwoup avantaj medikal (ki ka verifye a sètifica sa);
- Yo pat tèmine gwoup pwoteksyon w la akòz fwòd oswa paske ou pat peye primyòm ou an;
- Ou pa kalifye pou kontinye pwoteksyon COBRA oswa ou itilize tout benefis COBRA w la (oswa kontinye pwoteksyon nan yon pwovizyon eta ki similè); ak
- Ou pa kalifye pou yon lòt gwoup pwoteksyon medikal, Medikè, oswa Medikèd, ak ou pa genyen yon lòt avantaj pwoteksyon medikal.

Dwa pou achte avantaj endividiyèl se menm bagay menm si ou nan chomaj san peyman, revoke, oswa ou kite travay la.

- Kidonk, si ou enterese pou jwenn pwoteksyon endividiyèl oswa ou genyen lòt kritè pou kalifye, ou dwe aplike pou pwoteksyon le pli vit ke posib pou evite pèdi estati kalifikasyon w la akòz 63-jou repo la.

Fleksiblite Leta— Sètifica sa dekri minimòm pwoteksyon HIPAA daprè lwa federal la. Eta ka mande moun ki genyen HMO pou founi pwoteksyon adisyonèl pou moun nan eta an.

Pou Plis Enfòmasyon— Si ou genyen kesyon sou dwa HIPAA yo, ou ka kontakte depatman asirans eta oswa Depatman Travay U.S. Administrasyon Benefis Sekirite Anplwaye (EBSA) liy dirèk nan 1-866-444-3272 (pou publikasyon gratis HIPAA mande pou publikasyon konsènan Chanjman nan lwa swen sante). Ou ka kontakte Sant pou Sèvis federal publikasyon Medikè ak Medikèd liy dirèk nan 1-800-633-4227 (mande pou *Protecting Your Health Insurance Coverage “Pwoteje Pwoteksyon Avantaj Medikal ou an”*). Piblikasyon sa yo ak lòt enfòmasyon ki itil disponib sou Entènèt la nan: www.dol.gov/ebsa, DOL paj Sit Web Entèaktif yo – E-Lwa Sante (Health E-laws), oswa nan: www.cms.hhs.gov/hipaa1.

ENSTRIKSYON POU KONPLETE SÈTIKIKA HIPAA POU PWOTEKSYON

*Sètifikasi Pwoteksyon konplete se yon egzijans Transparans Asirans Medikal, ak Akontablite [HIPAA] Federal la. HIPAA egzije gwooup plan avantaj medikal yo pou founi yon *Sètifikasi Pwoteksyon* otomatikman pou tout anplwaye ki pwoteje oswa depandan ki pèdi pwoteksyon apre 1^{ye} Jen, 1997. HIPAA egzije tou pou chak endividé ki pwoteje pa yon gwooup plan ki pèdi pwoteksyon ant 1^{ye} Jen, 1996 ak 1^{ye} Jen, 1997 pou resevwa yon *Sètifikasi Pwoteksyon* sou demann moun sa oswa ajan deziyen li an (egz., nouvo founisè gwooup avantaj). Si SHBP, Anplwayè lokal ki patisipe oswa ofis pewòl Eta an gen responsabilite ou founi *Sètifikasi Pwoteksyon egzijib la.**

ATIK 1: Antre dat w ap konplete fòm sa.

ATIK 2: Antre non konplè patisipan ki pwoteje k ap mande *Sètifikasi Pwoteksyon sa.*

ATIK 3: Antre non plan avantaj SHBP ki pwoteje patisipan.

ATIK 4: Antre nimewo idantifikasyon avantaj SHBP patisipan an.

ATIK 5: Antre non konplè (yo) pou tout depandan (yo) pwoteje nan avantaj medikal patisipan an lè pwoteksyon an te tèmine. Endike tout depandan (yo) ki pat gen pwoteksyon pou menm peryòd avèk patisipan an. Pa egzanp, si patisipan an te pwoteje pou plis pase 18 mwa, men depandan li (yo) te jwenn pwoteksyon sèlman pou 8 mwa, endike sa sou fòm la.

ATIK 6: Nan prèske tout ka yo, non, adrès, ak nimewo telefòn konpayi k ap founi sètifikasi sa pral antre la a. Si y ap founi *Sètifikasi Pwoteksyon* akòz tèminasyon pwoteksyon COBRA, SHBP COBRA Administratè an pral konplete fòm sa epi antre enfòmasyon idantifikasyon li yo la.

ATIK 7: Antre menm nimewo telefòn ki endike nan atik 6 la.

ATIK 8: Montre peryòd tan pou ki patisipan ki gen dwa pou kredi nan nouvo plan pwovizyon eksklizyon kondisyon pre-egziste (si genyen). Sa enkli peryòd tan patisipan an te pwoteje nan plan SHBP lan, swa kòm yon anplwaye aktif oswa nan nenpòt lòt baz, ki enkli COBRA. Si patisipan an pase 63 oswa pli jou Konsekitif sa pwoteksyon medikal, tout pwoteksyon patisipan an te gen avan yo te inyore gwo repo nan pwoteksyon an. Yon peryòd datant avan yon anplwaye kalifye pou plan pwoteksyon pap konte pou pati gwo repo nan pwoteksyon an oswa nan yon total pwoteksyon kredi endividé an. Ou dwe montre tou peryòd pwoteksyon pou depandan (yo) si li diferan pase pa patisipan an. Pou fè san nan Atik 4. Peryòd pou kondisyon pre-egziste ki pli long daprè HIPAA se 18 mwa, kidonk si patisipan an te pwoteje pa yon plan SHBP pou omwen 18 mwa, se sa sèlman li bezwen rapòte la a. Si peryòd pwoteksyon te pli kout pase 18 mwa, apre fèt pou rapòte nan Atik 9 à 11:

- premye jou peryòd datant yon patisipan konplete, si genyen (sa se peryòd ant dat anbochaj ak kòmansman pwoteksyon an);
- premye jou pwoteksyon kredi patisipan an;
- dènye jou pwoteksyon kredi patisipan an.

ATIK 9: Antre jou peryòd datant la (si genyen) te kòmanse. Se premye jou nan travay la pou yon nouvo anplwaye pwoteksyon li an pa kòmanse imedyatman.

ATIK 10: Antre dat pwoteksyon an kòmanse.

ATIK 11: Antre dat pwoteksyon an kòmanse. Si gen konfirmasyon pwoteksyon COBRA oswa SHBP Gwooup Retrèt la ap kontinye, alò tcheke blòk pwoteksyon kontinye. Pa tcheke blòk pwoteksyon kontinye an si ou pa sèten yo te kòmanse yon aplikasyon COBRA oswa Gwooup Retrèt epi pwosedi anwolman an te fini.